

Fason pou byen kenbe yon kreyon


Gen plizyè fason pou anseye timoun yo pou yo byen kenbe yon kreyon.
Men yon egzanp.



Ede pitit ou sèvi ak lepous li ak lendèks li pou l fè fòm yon "L" jan foto a montre la a. Mete kreyon an anlè lemajè ki pliye a ak nan fant lepous la.



Kounye a, mande pitit ou pou l peze kreyon an ak lepous li ak lendèks li.



Gade si fason pitit ou kenbe kreyon an menm jan ak foto a pou w ka wè si se bon fason an.

Li ka difisil pou yon timoun ki poko gen ase fòs nan men l oswa dwèt li yo pou byen kenbe kreyon an. Tanpri, anseye l teknik sa a tikras pa tikras, yon fason pou pitit ou a toujou enterese e vle kenbe yon kreyon nòmalman.